

CHROMEBOOK ENTWO AK KONFIGIRASYON

Yon Chromebook se yon laptop senp ki mache sou sistèm operasyon Google Chrome la. Odinatè sa yo fèt pou yo itilize lè ou sou entènèt. Pou fè Chromebook ou a mache ou bezwen yon koneksyon entènèt. Avan ou komanse, wap bezwen konnen non ak modpas WIFI oubyen Rezo Entènèt ou vle konekte a.

1. Limen Chromebook la

Konekte plòg la pou chaje aparèy ou a epi aktive lè w peze bouton Power (limen) an.




Bouton Power (limen) an nan kwen anwo sou men dwat

2. Konfigire Chromebook ou a

Premye fwa ou limen aparèy ou a, wap wè desen Chrome lan. Lè ekran Byenvini an parèt, klike sou bouton ble **Let's go (Annou ale)** a.


Kòmanse chwazi lang ou. Ou ka chwazi tou jan ou vle klavye a parèt konsa, lap ale ak lang ki tou sou aparèy la oubyen lang ou prefera a. Si sa nesèsè, limen reglaj pou aksesibilite yo nan chwazi clike sou bouton ble Accessibility (aksesibilite) a.



Klike sou bouton ble **Let's Go (Annou ale)** a pou kontinye

3. Klike sou rezo ou vle a nan ekran Konekte ak Rezo


Aprè sa, nan lis ki defile soti nan Open the Network (Ouvri Rezo) la, chwazi non rezo ou vle konekte a. Lòt non rezo ou ta ka wè yo toupre lakay ou oswa rezo biznis – pa okipe yo. Yon fenèt pop-up ap parèt. Mete modpas WI-FI a, clike sou konekte. Lè Chromebook ou a fin konekte ak entènèt, clike sou bouton Continue (kontinye) ki anba ekran an.



4. Connectez-vous à votre compte Google

Konekte sou Chromebook ak kont prensipal Google ou oubyen ouvè yon kont si ou pa gen youn. Ouvri yon kont byen fasil, gade eksplikasyon yo nan paj ki vin aprè a. (AVI: Kont sa ap konfigire tankou kont propriyete se kont sa a sèlman kap ka chanje kèk reglaj nan Chrome).

- Kont Google yo se chimen pou itilize Chromebook nan tout kapasite yo. Ou ka itilize mòd envite yon lè konsa si yon moun prete laptop ou. Chromebooks, se kont ki se motè yo, tout sèvis Google ofri mache ak kont yon moun, sa rann li pi fasil pou pataje òdinatè paske enfòmasyon sou chak kont separe.



Konekte si ou deja gen yon kont Google oubyen Gmail

5. Ouvè yon kont Google

Premyeman klike sou **More Options (Plis Opsyon)** ansuit, bay enfòmasyon debaz sa yo:

- Mete non w'.
- Chwazi yon non itilizatè.
- Chwazi yon modpas fò ki difisil pou devine
- Mete yon dat pa aza si w prefere pa divilge dat nesans ou.
- Mete nimewo telefòn ou ak yon lòt email pou sizoka ou ta bliye modpas ou epi bezwen rejwenn li. Enfòmasyon sa a ka sèvi tou pou kenbe kont ou an sekirite si ta va genyen aktivite sispèk. Ou pa oblije mete enfòmasyon sa a.
- Revize Kondisyon Sèvis (Terms of Service) ak Regleman sou Enfòmasyon Prive (Privacy Policy) epi tcheke ti bwat la pou aksepte.


6. Byenvini!

Aprè w fin kreye kont ou, ou pral wè paj akèy Google la ki eksplike fondman kont ou.


Lè ou konekte yap tou ba ou kondisyon sèvis Google Play yo, kote ou ka jere otorizasyon ak preferans pou aparèy ou a. Lap mande w si ou vle dezaktive bakòp Google Drive yo. Klike sou **More (Plis)** ak **Use Location (Sèvi ak Kote)** (kote aplikasyon ak sèvis itilize adrès ki sou Chromebook ou a). Bagay sa yo, Google rekòmande pou nou itilize yo nan tout kapasite yo. Chwazi **Accept (Aksepte)** lè ou fini.

Reglaj sèvis Google yo, ki genyen ladan yo opsyon adrès ak bakòp, klike bouton ble **Accept (Aksepte)** la pou ou kontinye.


Konfigirasyon sistèm inisyal la fini, denyè etap ki rete a, si ou vle, se pou chwazi pou ou gadè sak anndan Chromebook ou a. Suiv etap yo pou visit la, li rapid ak bay w' anpil enfòmasyon. Si ou pa vle, ou ka klike sou X nan kwen anwo sou men dwat la.




Klike sou **More options (Plis Opsyon)** pou ouvri yon nouvo kont




Mete non, email adrès ou ta swete an ak modpas




Mete enfòmasyon opsyonèl yo ak yon dat epi klike sou **Next (Suivan)**



Klike sou bouton ble **I agree (aksepte)** a pou w' kontinye



Reglaj sèvis Google ki genyen adrès ak opsyon bakòp, klike sou bouton ble **Accept (aksepte)** pou kontinye



Klike sou bouton ble **Take a Tour (pou pran yon Tour)** la pou aprann lòt bagay Chromebook yo ka fè.

Kesyon?

Pou plis asistans, voye yon imèl bay:
connectingportland@portlandoregon.gov